

Kodzero dzevanhu maringe nechirwere cheCOVID-19

1. Chii chinonzi Zimbabwe Human Rights Commission?

- *Zimbabwe Human Rights Commission* (ZHRC) imwe yemasanga-no mashanu anoshanda akazvimirira anonzi ma*Independent Commissions Supporting Democracy*, akaumbwa kuburikidza neChikamu chegumi nemberi (*Chapter 12*) chebumbiro remitemo kuti atsigire utongi hwakanaka negutsaruzhinji muZimbabwe.
- Chinangwa cheZHRC ndechekuchengetedza, kusimudzirwa nekuchengetedzwa kwekodzero dzevanhu idzo dziri mubumbiro remitemo renyika nemimwe mitemo yekodzero dzevanhu inobata nyika dzepasi rose.
- ZHRC inoshandawo zvakare semuchengetedzi wekodzero dzeveruzhinji (*Public Protector*). Pabasa irori rekuvamuchengetedzi wekodzero dzeveruzhinji, ZHRC inobatsira mapazi ehurumende nemamwe masangano ane chekuita nehurumende kuti ashande maringe nebumbiro remitemo nemimwe mitemo ine chekuita nebasa ravo nechinangwa chekuvandudza mashandiro avanoita neruzhinji rwevanhu. ZHRC inodzivirirawo kushungurudzwa kweveruzhinji nevashandi vehurumende vanoshandisa masimba avo zviri kunze kwemitemo (*abuse of power*).

2. Chii chinonzi COVID - 19?

- COVID-19 chirwere chinotapurirana zvakananyisa, chinokonzerwa nehutachiona hunonzi *Coronavirus*. Sangano rinoona nezveutano pasi rose re*World Health Organisation* (WHO) rakadoma COVID-19 sechirwere chatekeshera nyika dzose, pasi rose nenguva pfupi chichibata nekuraya vanhu vakawandisa chinonzi paChirungu *pandemic*.
- COVID-19 inonyanyoparadzirwa netumate twunoburitswa nemunhu anechirwere ichi apo anokosorora, kuhotsira kana kufema. Hutachiona uhu hwunorema saka haugone kugara mumhepo saka hunobva hwadonha pasi kana kunamira pamadziro kana pane dzimwe nzvimbo dzinogona kuzobatwa neveruzhinji.
- Munhu anogona kubata COVID-19 kana akafema mweya une utachiona kunyanya kana ari pedyo-pedyo nemunhu ane chirwere ichi, kubata madziro, pasi kana pane dzimwe nzvimbo panenge panamira utachiona uhuru obva ozobata maziso, mhino kana muromo.

3. Ndeipi Mitemo yakadzikwa neHurumende Kudzivirira Kupararira kweCOVID-19?

- Hurumende yakadzika mutemo we*Statutory Instrument* (SI) 76 ya2020 uyo wakubvumidza Mutungamiri weNyika kuti vashandise simba ravo rekudoma COVID-19 sedambudzikuro guru rashungurudzwa nyika yese (*national disaster*). Zvadarwo, hurumende yakazodzika mimwe mitemo yakaisa zvisungo zvinofanira kutevedzerwa pakuedza kudzivirira chirwere ichi. Mutemo wagara uripo unoonza nezveutano hweveruzhinji unonzi *Public Health Act*.

- Mutemo weSI 77 ya2020 unorambidza kuungana kwevanhu, unosungira munhu wese kuongororwa kuti haana chirwere cheCOVID-19 here, unoti nzvimbo dzese dzinosangana vanhu vakawanda dzidzirwe mushonga unouraya utachiona, kugarisa munhu anechirwere che COVID-19 pake oga achibviswa pane avo vasina (*isolation*). Mutemo uyu unosungira avo vari panjodzi yekunge vakabatira cherwere ichi sokuti vari kubva kune dzimwe nyika kuti vambogara munzvimbo dzavo vega mavasingasangane neveruzhinji (*quarantine centres*). Mutemo uyu ndiwozve unotara kuvharwa kwezvikoro zvedzidzo yepamusoro neyepasi nedzimwe nzvimbo dzekudzidzira.

- SI 83 ya2020 iyo inonyanyozivikanwa nezita rekuti *Lockdown Order* yakaita kuti nzvimbo dzinopinda nekubuda nevanhu munyika dzivharwe, vanhu wese kunze kwevanoita mabasa akakoshesesa vagare kumba kwemazuva makumi maviri nerimwe (*21 days*) kubvira musu wa 30 Kurume (*March*) 2020 kusvika 19 Kubvumbi (*April*) 2020. Mutemo uyu ndiwo wakashandiswa kumisa kushanda kwemabhizimisi ese kusara kwevanoita mabasa akakoshesesa (*essential services*), wakarambidza kufamba kwemotokari dzinotakura veruzhinji dzakaita semakombi nemabhazi asiri eZUPCO. Motokari dzevanhuwo zvavo dzisiri dzemapazi ehurumende dzakarambidzwa kufamba.

- SI 96 ya2020 mutemo wakaiswa nehurumende pakuedza kuchengetedza kodzero dzevanhu vanogara mudzimba dzevamwe vachibvisa mari (maroja). Mutemo uyu wakaita kuti vasadzingwa kana vatadza kubhadhara muripo wekugara pamba ipapo kumuridzi weimba (*landlord*). Vanoroja vakanzi vanozobvisa mari yekuripa pavanogara kana kuvharwa kwenyika (*lockdown*) kwapera asi vanenge vachiwana mari yekubhadhara vanokwanisa kungobhadhara zvavo.

- SI 99 ya2020 yakawedzera nguva yelockdown nemamwe mavhiki maviri kubva musu wa 3 Chivabvu (*May*) 2020 kusvika 19 Chivabvu (*May*) 2020. Mutemo uyu wakati nyevenutsei zvairambidzwa nemimwe mitemo yambotaurwa. ndokudzikisa chidanho chekuvharwa kwenyika kubva pachidanho chekutanga kuenda pachidanho chechipiri (*level 2*). Mutemo uyu wakabvumira mabhizimisi anogadzira neanotengesa zvinhu kuti atange kushanda mushure mekunge vashandi vawo vaongororwa kuti havana utachiona. SI 99 ya2020 inosungira munhu wese kuti apfeke chivhariso chemuromo nemhino (*mask*) paanoenda kunzvimbo dzine vanhu vakawanda (*public places*). Mutemo uyu unoti varidzi vemabhazi anotakura veruzhinji vanofanira kuita kuti agezwe nemushonga, vanhu vaongororwe kudziya kwemuviri nekugeza maoko vasati vakwira mabhazi anotakura veruzhinji. Mabhazi makuru akanzi atakure vanhu vasingapfuure makumi matatu nevaviri (*32*) uye unorambidzwa kuti vanhu vanodarika makumi mashanu (*50*) vaungane.

- SI 110 ya2020 yakawedzera nguva yelockdown kwenguva inoenderera, isati yazivikanwa mugumo wayo (*indefinitely*) asi pamavhiki maviri oga oga zvinenga zvichiongororwa kuti zvakanamira sei. Bvunzo dzemuzvikoro zvedzidzo yepasi neyepamusoro (*public*

examinations) dzakanzi dzinofanira kuenderera mberi nekunyorwa saka zvikoro zvava kufanira kuvhurwa zvisvishoma nezvisvishoma kuchitanga kudzikera avo vanofanira kunyora bvunzo dzekupedza zvidzidzo zvavo. Mutemo uyu wakabvumidza kuitwa kwemitambo yekusimbisa miviri (*exercises*) uye kutambwa nekuonekwa kwemitambo mitambo isingaisi vanhu panjodzi yakanyanya yekutapurirana utachiona hweCOVID-19 asi vanenga vari munhandare vachinooona mitambo iyi havafaniri kudarika makumi mashanu. Nguva yekuvhurwa kwemabhizimisi yakawedzera kuti avhurwe pakati penguva dza 8:00 am kusvika 4:30 pm.

4. Mitemo yakatarwa iyi kudzivirira COVID-19 inomubunyikidza dzimwe kodzero nekusununguka kwevanhu here? Izvi zvinobvumidzwa nemutemo here?

- Mitemo yataurwa pamusoro apo yakaiswa kuchengetedza kodzero dzehutano nekurarama. Kutizvi zvigoneke mitemo iyi inotapudza dzimwe kodzero. Vanhu vanofanira kutevedzera mitemo yakatarwa iyi nezvimwe zvisungo zvinobatsira kuchengetedza kodzero dzehutano nekurarama.
- Kutapudzwa kwekodzero uku kunobvumidzwa neBumbiro remitemo takatarisa zvikanu 86 ne 87. Kutapudzwa kwekodzero uku kunobvumidzwa kana paita dambudzikuro guru munyika (*emergency situation*) asi panotanga paitwa ongororo kuti hapana dzimwe nzira dzakareruka dzinogona kugadzirisa dambudzikuro iroro here. Panotapudzwa kodzero panofanira kunge pane mutemo unobvumidza zviri kuda kuitwa. Padambudzikuro reCOVID-19 mutemo mukuru wakabvumidza kukamurwa kwekodzero mutemo wezveutano hweveruzhinji unonzi *Public Health Act (Chapter 15:17)*.
- Tinofanira kuyeukawo kuti panoitwa izvi panofanira kutariswa zvimwewo vakaita sekuona kuti kutapudzwa kwekodzero kwacho kunoenderana here nedambudzikuro riri kuda kugadziriswa, nekuti mutemo wacho hauzokonzereke rusarura here (*discrimination*), unoremekedza chiremera chevanhu here (*human dignity*), mutemo wacho uchange uripo kwenguva yakadii uye mutemo uyu unofanira kuongororwa nguva nenguva kuti hausi kutyora kodzero dzevanhu here.

5. Ndedzipi kodzero dzakatapudzwa nemitemo yakaiswa kudzivirira kupararira kwechirwere cheCOVID-19?

- Dzimwe kodzero dzakatapudzwa nemitemo yakaiswa kudzivirira kupararira kwechirwere cheCOVID-19 dzataurwa kare dzinosanganisira kodzero yekufamba nekugara munyika yeZimbabwe nekodzero yekuungana nekuyanana nevanhu uye nedzimwe kodzero dzine chekuita nekushanda uye kutsvaga choviri.

6. Kodzero yekufamba nekugara munyika ye Zimbabwe

- Kodzero yezvizvarwa nevagari vemuZimbabwe yekufamba nekugara munyika munhu paanodira yakatapudzwa nemitemo

yekudzivirira kupararira kwechirwere cheCOVID-19. Mitemo yekudzivirirwa kwechirwere ichi inobvumidza kuti vanhu vanofungidzirwa kuti vangangotapurira vamwe chirwere vambogara kwavo vega (*kumaquarantine centres*) nekutiwo avo vanenge vabatwa nechirwere cheCOVID-19 vaendeswe kunzvimbo dzavanonorapwa vari kwavo vega (*isolation centres*).

- Vanhu vanotaririrwa kugara mudzimba nekusafamba-famba panguva ino yelockdown sedanho rekudzivirira COVID-19.
- Mitemo iyi yakaitawo kuti nzvimbo dzinopinda nekubuda nevanhu munyika (*borders and entry points*) dzivharwe.
- Mitemo iyi inorambidza kufamba kwemotokari dzevanhu vakazvimirira vega idzo dzaisitakura veruzhinji kunze kwemabhazi eZUPCO, uyezve yakatapudza uwandu hwevanhu vanobvumirwa kupinda mumotokari kana mumabhazi.
- Kodzero yekufamba nekugara muZimbabwe inowanikwa muChitsauko 66 cheBumiro remitemo. Munguva dzimwe dzese pasina kutapudza kwekodzero iyi vanhu vanobvumirwa kupinda nekubuda muZimbabwe nekufamba vakasununguka.

7. Kodzero yekuungana nekuyanana

- Kodzero yekuungana nekuyanana yakatapudza nekuti mutemo wekudzivirira kupararira kweCOVID-19 uri kurambidza kuungana nekuyanana kwevanhu kunze kwekuti vanhu vakamirira kukwira mabhazi kana kuti vari parufu. Pakuungana kunotenderwa nemutemo vanhu havafaniri kupfuura makumi mashanu (50) uye zvakare vanhu vanofanira kunge vakatarangana (*maintain social distancing*) panguva dzese.
- Mutemo wesocial distancing unoreva kuti munhu anofanirwa kusiya nzvimbo inokwana mita rimwe chete (1metre) kusvika pamamita maviri (2 metres) kubva paakagara kana kumira nemunhu munhu pangava pazvitoro zvinotengesa zvinhu zvinoshandiswa mudzimba kana mishonga yevharwe, pazvipatara, nzvimbo dzekushandira nekumwe kunotsvagwa zvakanosha zvinodiwa pakurarama.
- Kana zvinhu zvakagadzika munhu wese anekodzero yekuungana nekuyanana nevanoda asi kana kwaita denda rakaita seCOVID-19 kodzero iyoyo inotapudza vanhu voundzwa pekutangira nepekugumira.

8. Kodzero dzine chekuita necheuviri nekugara kwakanaka kwevanhu (Socio-Economic Rights)

Pane dzimwe kodzero dzine chekuita necheuviri uye kugara kwakanaka kwevanhu dzatinoti paChirungu *socio-economic rights* dzakatapudza panguva ino.

- Mienzaniso yekodzero idzi inosanganisira kodzero yedzidzo iyi yakakanganiswa nekuvharwa kwezvikorero zvedzidzo yepamusoro neyepasi uye kodzero yekutsvaga cheuviri yakatapudza nekuvharwa kwenzvimbo dzekushandira nekuitira mibato yemaoko.

9. Ndedzipi dzimwe kodzero dzisingakwanise kutapudz-

wa zvachose?

- Zvakakosha kuziva kuti kunyangwe nyika ikaita dambudziko guru rakaita sedenda reCOVID-19, pane dzimwe kodzero dzisingakwanise kutapudzwa zvachose sezvakanyorwa muChitsauko 86 (c) cheBumiro remitemo.
- Idzi dzinosanganisira kodzero yekurarama (*right to life*) kunze kwekunge munhu apiwa mutongo werufu nedare, rusununguko rwekuti munhu asarwadziswa panyama yake kana mupfungwa, kubatwa kana kurangwa zvine hutsinye zvichikonzera kudzikisirwa kwechimiro chemunhu (*freedom from torture, inhuman or degrading treatment or punishment*), kodzero yechiremera chemunhu (*right to human dignity*), kodzero yekutongwa munhu achikwanisa kunzwikwawo zvaanotaura nekuzvidzivirira pamhosva yaanenge achipomherwa uye kodzero yekusabatwa senhapwa

10. Vanhu vangamhang'are kupi kutyorwa kwekodzero dzavo?

- Vanhu vanofanirwa kumhang'ara kutyorwa kwe kodzero dzavo kuZHRC kuti iferefete nyaya dzacho nekuona kuti zvingagadziriswa sei.
- Kana nyaya dziine chekuita nekutyorwa kwemutemo uri maringe nekuparwa kwemhosva dzekukanganisira nyika kwete kutadzirana pakati pevanhu (*criminal law*), vanhu vanokurudzirwa kumhang'ara nyaya idzi kumapurisa kuti nyakupara mhosva asungwe.
- Vanhu vanogonawo kumhang'ara kutyorwa kwe kodzero dzavo kumasungano anoshanda akazvimirira ega *Civil Society Organizations (CSOs)* anoita basa rekuchengetedza kodzero dzevanhu nevamwewo vanopa rubatsiro rwakadaro.

11. Nzira dzekusvitsa nadzo zvinunyuto kuZimbabwe Human Rights Commission

ZHRC ine mahofisi maviri mudhorobha reHarare neBulawayo. Kana zvinhu zvakanosha vanhu vanokwanisa kumhang'ara zvichemo zvavo kumahofisi maviri aya asi nokuda kwekutapudza kwekodzero dzekufamba, vanhu vanogona kumhang'ara kutyorwa kwekodzero dzavo vari kwavari nekutumira mashoko kuburikidza nembozhanhare vachifona kana kunyora tsamba dzesms/whatsapp kana kuenda padandemutande reZHRC (*website*) apo vanogona kunyora zvichemo zvavo pafomu riripo vobva vatumira. ZHRC inokurudzira vanhu kuti vatevedzere mitemo yese yakaiswa nehurumunde kudzivirira kuparara kweCOVID-19.

Sms/Whatsapp 0786602033/ 0771838656
Harare +263/0242 703596/703616/701811
Bulawayo +263/0292/ 64170-73
Email: info@zhrc.org.zw or complaints@zhrc.org.zw
Website: www.zhrc.org.zw
Facebook: @zhrc.zw
Twitter: @zhrc365



Chengetedzai kodzero yenyu yehutano, Chengetedzai kodzero yenyu yeupenyu

Tevedzerai mitemo nezvose zvamunonzi muite zviri pamutemo kuti muzvidzivirire nekusaparadzira COVID - 19



Gezai maoko



Mirai kana kugara makatarangana



Pfekai zvekuvharisa muromo nemhino (mask)



Musaungane

